

Chapit 13

Plasenta a soti: Twazyèm etap tranche ak akouchman an

Nan chapit sa a:

Verifye eta fizik manman an.....	223
Si manman an ap senyen apre akouchman an.....	224
Egzaminen plasenta a ak kòd lonbrikla.....	233
Veye si l ap senyen anpil anvan plasenta a soti	226
Veye si manman an senyen apre plasenta a fin soti.....	236
Chèche siy ki endike plasenta a dekole.....	226
Matris la rete mou	236
Ede manman an pouse plasenta a deyò.....	227
Vajen an chire	239
Eta chòk	239
Sa pou w fè pou bebe a	240
Kenbe bebe a cho	240
Eta mis li yo	244
Verifye sante bebe a.....	240
Reflèks li yo	244
Respirasyon l.....	240
Koulè l.....	244
Batman kè l	243
Ede bebe a pran tete	245

PLASENTA A SOTI:

TWAZYÈM ETAP

TRANCHE AK AKOUCHMAN AN



Aprè bebe a fin fèt, plasenta a dwe soti. Sa se twazyèm etap la. Jeneralman, twazyèm etap la pran mwens pase inèdtan.

Lè bebe a fin fèt, se yon okasyon fèt ak kè kontan pou fanmi an. Ou dwe byen veye tout bagay anfòm e nòmal. Epitou, asire w manman an ak fanmi an jwenn tan pou yo pase ak nouvo bebe a.



Si w gen yon moun avè w, youn nan nou ka ede manman an pandan lòt la ap siveye bebe a. Si w poukont ou, fò w deside si se manman an w ap bay swen anvan oswa si se bebe a.

- Si manman an an sante, e li pap senyen anpil, bay bebe a swen anvan.
- Si manman an montre move siy, ba li swen anvan, epi bay bebe a swen apre.
- Si ni manman an ni bebe a gen pwoblèm, ede manman an anvan, menmsi se yon chwa ki ka difisil.

Verifye eta fizik manman an

Aprè akouchman an, ou dwe kontwole si manman an pa gen siy enfeksyon, pre-eklamsi, oswa emoraji (ki ka mennen nan eta chòk). Kontwole ni tansyon manman an ni batman kè l chak 30 minit. Kontwole tanperati l chak 4 èdtan. Kontwole siy sa yo pi souvan si gen move siy.

SI MANMAN AN AP SENYEN APRE AKOUCHMAN AN



Pi gwo danje pou manman an pandan twazyèm etap tranche ak akouchman an se lè l ap senyen anpil.

Nòmalmman, plasenta a soti deyò tousuit apre manman an fin akouche. Apre sa matris la fè lòt kontraksyon (sere, ratresi) yon fason pou san sispann koule nan plas kote plasenta a te kole a. Si manman an pap senyen epi li pa gen okenn lòt pwoblèm sante, fanmsaj la ka jis gade, l ap tann pandan fanmi an ap fè konesans ak nouvo bebe a.

Men, si manman an kòmanse senyen, fanmsaj la dwe aji tousuit. Lè manman an ap bay anpil san, sa ka lakòz li malad, li ka santi l fatige anpil apre akouchman an, oubyen li ka menm mouri. Sou tout tè a, senyen anpil apre akouchman se youn nan kòz lanmò ki touye plis fi.

Pi souvan, lè yon fi ap bay san apre akouchman an, se kote plasenta a te kole a k ap senyen. Pandan gwosès la, venn manman yo pwopaje san nan kò matris la pou san sa a ka ale nan plasenta a. Toutotan plasenta a kole ak kò matris la, manman an pap pèdi san. Men, lè plasenta a fin dekoule, venn yo ka bay twòp san si matris la pa resere vit pou l gentan peze venn yo fèmen.

Si plasenta a dekoule, menmsi se yon ti pati ladan l ki dekoule, men l toujou anndan matris la, sa ap pèmèt matris la rete ouvri. Menm yon ti moso nan plasenta a oswa yon ti boul san kaye ki rete anndan matris la ka lakòz li rèt ouvri. Lè matris la ouvri, venn yo ap kontinye ponpe san, e sa lakòz fi a pèdi san byen vit. Kidonk, pou manman an pa senyen twòp apre akouchman an, ou dwe asire w matris la vid, epi ede l fèmen jiskaske li vin toupiti tankou yon ti boul byen di.

Fason pou w ede a depann de si plasenta a deja soti. **Apre plasenta a soti**, fwote matris la se yon bon fason pou matris la ratresi pou rete san an. Pou anpil fi, li nesèsè pou fwote matris yo pou l ka vin resere.

Fwote matris la

Jeneralman, matris la ratresi epi san an rete lè w fwote l byen fèm. Mete men w anlè matris la epi peze, epi anmenmtan fè ti sèk avèk men an. Matris la sipoze vin pi di e li sipoze nan mitan vant lan, li pa dwe ni adwat ni agoch. Verifye matris la chak 1 a 2 minit pandan yon ti tan. Si l vin mou ankò, fwote l jiskaske li ratresi ankò. Aprann manman an ak lòt manm fanmi yo ki jan pou yo fwote matris la pou l vin di.



Medikaman ki pou ede matris la vin ratresi

Gen medikaman ki ka ede matris la kontrakte e pouse deyò tout sa k te rete anndan l. Gen medikaman ou ka bay fi a swa anvan swa apre plasenta a soti, tankou “oxytocin” ak “misoprostol”. Men, “ergometrine” fè manman an fè yon sèl gwo kontraksyon. Li ka fè kòl matris la fèmen, donk ou dwe bay li sèlman lè plasenta a fin soti, sinon plasenta a ka rete anndan manman an. Gade paj 231 pou plis enfòmasyon sou medikaman ou ka bay pou rete san an.

“Swen aktif” pandan twazyèm etap la

Atravè tout liv sa a, nou konseye pou w bay medam yo swen fason lasyans medikal la pwouve ka sove plis vi, e ki lakòz mwens domaj.

Men, bay swen medikal pa senp. Pwofesyonèl lasante ki eksperimante e ki abil ka gen opinyon diferan sou ki pi bon fason pou yo bay swen. Epi, anpil kote sou tè a, zouti ak medikaman ki enpòtan yo pa disponib. Men yon egzanp:

Anpil pwofesyonèl nan lemonnanyè rekòmande pou fanmsaj yo ak doktè yo bay “swen aktif” pandan twazyèm etap tranche ak akouchman an. Men sa yo vle di lè yo di “swen aktif”:

1. Bay tout fi “oxytocin” oswa yon lòt medikaman (gade paj 228) tousuit apre akouchman an,
2. Rale plasenta a deyò tousuit apre akouchman, epi
3. Fwote matris la apre plasenta a soti.


Etid medikal sou fi ki akouche lopital montre lè w bay “swen aktif”, sa diminye kantite fi ki senyen anpil apre akouchman. Si responsab lasante nan zòn ou a rekòmande pou w fè akouchman fason sa a, nou sijere w suiv sa yo di a.

Sepandan, nan liv sa a, nou montre ki jan pou w dirije twazyèm etap la sèlman si yon pwoblèm prezante. Nou fè sa pou rezon sa yo:

- Pifò fanmsaj pa gen "oxytocin", oubyen yo pa gen anpil. Epiou, anpil fanmsaj pa gen anpil sereng ki esterilize pou yo bay piki “oxytocin” nan. Fanmsaj sa yo dwe konsève tikras “oxytocin” yo genyen an pou lè yon moun deja ap senyen.
- Pifò fi pa senyen anpil apre akouchman. Se pa tout fi ki bezwen “oxytocin”, e anpil fi pa vle pran yon medikaman yo pa bezwen.
- Gen risk lè w sèvi ak men w pou w rale plasenta a soti deyò. Kòd lonbrik la ka kase, oswa ou ka menm rale matris fi a mèt deyò. Si w ap travay nan yon lopital kote yon operasyon ka fèt nan ka dijans, petèt sa ka anpeche fi a pèdi san si w rale plasenta a soti alamen. Men, si w lwen yon lopital ki ka byen jere ka dijans, rale plasenta a alamen ka lakòz anpil pwoblèm ou pap ka rezoud.

Pifò akouchman pase san pwoblèm. Poukisa pou n foure men nou ladann si l pa nesèsè?

Anpil fi mouri apre akouchman an. Sa pral sove lavi plizyè moun.




VEYE SI L AP SENYEN ANPIL ANVAN PLASENTA A SOTI

Lè plasenta a dekole ak matris la, jeneralman gen yon ti valè san ki jayi. Sa nòmàl. Menmsi kantite san sa a ta mezire yon tas oswa plis, se pa yon pwoblèm, depi l rete vit. Men, si l ap senyen san rete pandan plasenta a anndan toujou, sa pa nòmàl. Pi gwo kòz lanmò nan akouchman se lè manman an senyen twòp.

Gen 3 fason yon fi ka pèdi twòp san (emoraji) apre akouchman:

- **Senyen fò e rapid.** Manman an gendwa pèdi anpil san yon sèl kou, oswa san an ka koule fò pandan plizyè minit. Souvan, li pap pran anpil tan pou manman an vin fèb epi pou l dekonpoze. **Se yon ka dijans ki grav anpil.**
- **San ap degoute toupiti.** Li pi difisil pou w remake sa. Men, kèlkeswa jan l ap senyen an, menmsi se degoute l ap degoute sèlman, depi li pa kanpe, sa vle di manman an an danje.
- **Senyen anndan san w pa wè.** Ou pa ka wè lè manman an ap senyen konsa paske san k ap koule a rete nan matris la oswa nan vajen an. Li ekstrèmman danjere, epi li fasil pou w pa konnen si l ap fèt. Lè fi a ap senyen anndan, ou ka pa wè san an, men fi a ka santi l fèb oubyen kòm si li pral dekonpoze. Kè l ka bat swa pi vit, swa pi lan, epi si l kontinye senyen, tansyon l ap desann. Matris la ka monte pandan l ap vin plen ak san.



Pifò san k ap koule apre yon akouchman soti nan plas kote plasenta a te kole ak matris la. San sa a klere oswa li nwa, e souvan li pwès. Souvan, si fi a senyen anvan plasenta a soti, sa vle di yon pati nan plasenta a dekole ak matris la, epi yon pati rete kole. Rè plasenta a kenbe matris la ouvri, kifè matris la pa ka ratresi pou l rete san an.

Pafwa, san k ap koule a konn soti nan vajen an ki chire, nan kòl matris la ki chire, oswa nan matris la ki chire. Jeneralman san konsa degoute piti e san rete. Souvan, san sa a gen yon koulè wouj vif e li fen (san an pa pwès).

Li pa nòmàl pou manman an ap pèdi anpil san, pou l santi l ap dekonpoze oswa pou l gen tèt vire apre akouchman an. Ou dwe fè sa k nesèsè pou w rete san an. Souvan, san an rete lè plasenta a soti. Si w pa ka jwenn rezon ki lakòz l ap senyen an, mennen l lopital.


CHÈCHE SIY KI ENDIKE PLASENTA A DEKOLE

Jeneralman, plasenta a dekole ak matris la kèk minit apre akouchman an, men pafwa li ka pran yon bon ti tan anvan l soti. Men siy ki montre plasenta a dekole ak matris la:

- **Yon kantite san jayi soti nan vajen an.** Yon “kantite” san se yon ponyen san ki soti yon sèl kou. San an pa ni degoute ni kontinye koule.

- **Kòd lonbrik la parèt pi long.** Lè plasenta a dekole sou matris la, li desann vin pi pre vajen an. Sa fè kòd lonbrik la parèt pi long paske gen plis kòd ki deyò kò manman an.
- **Matris la monte pi wo nan kò manman an.** Anvan plasenta a dekole, tèt matris la desann yon tikras anba lonbrik manman an. Apre plasenta a dekole, souvan tèt matris la monte nan nivo lonbrik la oswa yon tikras pi wo.

Si 30 minit gentan pase apre akouchman an epi pa gen siy ki endike plasenta a dekole, asire w pitit la kòmanse pran tete. Lè manman an bay pitit la tete, sa fè l gen kontraksyon, epi sa ede matris la pouse plasenta a deyò. Si plasenta a pa soti apre pitit la fin tete, mande manman an pou l al pipi. Lè vesi a plen, sa fè plasenta a pran tan pou l soti. Si plasenta a pa soti toujou, gade entriksyon ki pi ba yo konsènan ki jan pou w ede manman an pouse plasenta a deyò.




Li pwobab plasenta a dekole lè gen yon ti san ki jayi epi kòd lonbrik la vin pi long.



EDE MANMAN AN POUSE PLASENTA A DEYÒ

Si plasenta a pa tonbe poukont li apre inèdtan, oubyen si manman an ap senyen fò, ede l pouse plasenta a deyò.

1. Asire w manman an deja ap bay pitit la tete. Si li pap pèdi twòp san, li dwe eseye fè pipi.
2. Mete gan ki pwòp nan men w.
3. Fè manman an chita oswa fè l akoupi sou yon vaz. Mande l pouse lè l gen yon kontraksyon. Li ka eseye pouse anvan e apre kontraksyon tou. Nòmalman, plasenta a glise tonbe byen fasil.
4. Sak ki te kenbe dlo a dwe soti ansanm ak plasenta a. Si kèk rès nan sak la toujou rete anndan manman an apre plasenta a soti, kenbe plasenta a nan 2 men w, vire l tou dousman, jiskaske sak la kòde. Lè l kòde, gen mwens chans pou l dechire anndan manman an. Ansuit, byen **dousman**, rale rès sak la mèt deyò.
5. Manyen matris manman an. Li dwe gwosè yon chadèk oubyen yon kokoye ki kale, oubyen pi piti, epi li dwe di. Si l pa piti, li pa di, gade paj 236.



Bay manman an oksitosin (“oxytocin”)

Si manman an pa ka pouse plasenta a mèt deyò, oubyen tou, nenpòt lè l ap senyen fò, ba li oksitosin pou matris la ka kontrakte pou plasenta a soti. Anvan w ba li oksitosin nan, manyen vant manman an dousman pou asire w pa gen yon lòt bebe ladan l.



Pou ede plasenta a soti deyò

- Ba l yon piki 10 inite oksitosin, sou kote mis janm li
Ou ka ba li 10 inite oksitosin ankò apre 10 minit. (Gade paj 345 konsènan fason pou w bay piki san danje.)

Oubyen

- Ba li 600 mikwogram (mcg) “misoprostol”, nan bouch, yon sèl fwa


Rale plasenta a met deyò avèk kòd lonbrik la

Si manman an ap pèdi anpil san, e li pa ka pouse plasenta a deyò poukont li, fanmsaj la ka rale plasenta a **dousman** mèt deyò avèk kòd lonbrik la.

Si manman an pap senyen, e pa gen yon danje, pa rale sou kòd lonbrik la. Se sèlman nan yon ka dijans ou dwe rale kòd lonbrik la pou w deplase plasenta a.



ATANSYON! Rale sou kòd lonbrik la danjere anpil! Si plasenta a toujou kole ak matris la, kòd lonbrik la ka kase oswa ou ka rale matris la mèt deyò kò l. Si matris la soti deyò, manman an gendwa mouri. **Itilize kòd lonbrik la pou rale plasenta a deyò sèlman si w konnen plasenta a decole.**




1. Poze yon men w anlè sou zo basen manman an, epi pouse matris la monte byen dousman. Konsa w ka verifye si plasenta a decole.


Chèche pati anba matris la.
Pouse matris la monte epi
veye kòd lonbrik la.



Si kòd lonbrik la retounen monte nan vajen an, sanble plasenta a la kole ak matris la toujou.



Si kòd lonbrik la rete menm kote a, sanble li gentan dekole. Ou mèt rale plasenta a soti.



2. Pwoteje matris la. Mete yon men sou vant manman an, yon tikras pi wo zo basen an. Peze toupiti sou li pou matris la ka rete an plas.
3. Tann yon kontraksyon vini. Lè yon kontraksyon vini, byen dousman rale kòd lonbrik la desann epi deyò. Rale l yon fason ki swa. Kòd la ka chire si w rale l twò fò oswa twò vit. Mande manman an pou l pouse pandan w ap rale.
4. Si w sispèk matris la desann pandan w ap rale kòd lonbrik la, **SISPANN RALE**. Si w santi kòd lonbrik la ap chire, **SISPANN RALE**. Si lè w ap rale kòd lonbrik la li fè manman an mal, **SISPANN RALE**. Si plasenta a pa soti, **SISPANN RALE**. Plasenta a gendwa poko dekole. Tann yon lòt kontraksyon kòmanse, epi eseye ankò.
5. Rale kòd lonbrik la byen dousman jiskaske plasenta a soti deyò.
6. Fwote matris la (gade paj 224).



Si plasenta a poko ka soti, epi manman an toujou ap senyen, oswa si l santi l fèb oubyen l ap dekonpoze oubyen li gen lòt siy ki endike li nan eta chòk (gade paj 239), li vrèman an danje. Mennen l lopital tousuit.

Pandan n sou wout lopital la, trete manman an pou chòk (gade paj 239).



Retire plasenta a alamen

Si w panse manman an ap gentan mouri akoz san l ap pèdi a anvan w rive lopital la, ou ka oblije foure men w anndan matris la pou w ka dekolè plasenta a epi mete l deyò.





ATANSYON! Li danjere anpil pou w retire plasenta a alamen. Sa ka lakòz enfeksyon grav. Kòl matris la, plasenta a, oswa matris la ka chire, e sa ka fè fi a senyen pi rèd. Doulè a di anpil pou manman an lè w fè l, e sa ka fasilman fè l antre nan eta chòk (gade paj 239). Pa retire plasenta a alamen sof si se sèl fason pou w sove lavi manman an.

1. Rapidman, lave men w ak ponyèt ou rive jis nan koud ponyèt ou avèk savon ak dlo bouyi. Si w gen betadin oswa alkòl, vide enpe sou men w ak ponyèt ou. Mete gan esterilize nan men w; gan ki long, si w genyen. Ansuit, pa manyen okenn lòt bagay, sof kòd lonbrik la ak anndan manman an.
2. Kenbe kòd lonbrik la ak yon men pou l ka rete anplas. Avèk lòt men an, suiv kòd lonbrik la ak men w monte anndan vajen an. W ap oblije foure tout men w anndan. Petèt plasenta a dekolè, li senpleman chita anndan vajen an oswa nan antre matris la. Si se sa, retire l, fwote matris la jiskaske l vin di, epi bay yon piki 10 inite “oxytocin”.
3. Si yon pati nan plasenta a toujou kole ak kò matris la, ou ka oblije foure men w anndan, epi sèvi ak dwèt ou pou w dekolè plasenta a.

Mete lòt men an sou vant manman an pou w ka soutni matris la. Ak men ki anndan an, kenbe tout dwèt ou ansanm tankou siy ou fè lè w ap lonje yon adoken bay yon moun. Byen dousman mache men w monte kòd lonbrik la pou rive anndan matris la.

Sou mi matris la, avèk anpil prekosyon, chèche plasenta a avèk dwèt ou yo. Sa ka bay manman an anpil anpil doulè. Fè yon moun soutni manman an, fè l mande l pou l respire byen fon.

Sèvi avèk pwent ti dwèt ou a pou leve pwent plasenta a soti nan kò matris la. Apre sa, ak anpil prekosyon, glise lòt dwèt ou yo nan mitan plasenta a ak matris la pou w ka dekolè rès plasenta a. (Se tankou lè w ap dekale po yon zoranj oswa nenpòt lòt fwi ki gen po ki pwès.) Mete plasenta a deyò pandan w kenbe l nan pla men w. Fè atansyon pou w pa kite okenn ti moso oswa boul san kaye anndan.



4. Ba l medikaman pou rete san k ap koule a.



Pou rete san k ap koule nan matris la lè plasenta a fin soti

- Ba l yon piki 10 inite “oksytosin”, sou kote mis janm nan
Ou ka ba li menm kantite a ankò apre 20 minit si san an pa rete.

Oswa

- Ba li 800 mikwogram (mkg) “misoprostol”, anba lang nan, yon sèl fwa
Fi a dwe kite konprime a fonn sou kote bouch li oswa anba lang li, apre sa se pou l vale nenpòt moso ki rete. Si li santi kòm si li pral vomi, mete konprime yo anndan twou dèyè l. Mete gan pou w fè sa.

Oswa

- Ba li 0.2 miligram (mg) “ergometrine”, sou kote mis janm nan

Oswa


- Ba li 0.2 miligram (mg) konprime “ergometrine”, nan bouch
Ou ka ba li “ergometrine” chak 2 a 4 èdtan si l ap senyen anpil, oubyen chak 6 a 12 èdtan si l ap senyen mwens. Kontinye ba li medikaman jiskaske san an rete nèt e matris la di. Jeneralman, sa pran anviwon 48 èdtan.

Piki a mache pi vit pase konprime a.

Pa bay fi a “ergometrine” si tansyon l wo.

5. Fwote matris la pou l byen fèm oswa peze sou li ak 2 men w (gade paj 237) pou rete san an.

6. Ale lopital byen vit. Si manman an montre li ka antre nan eta chòk, mete tèt li anba, avèk jenou l ak janm li anlè (gade paj 239). Si manman an pèdi anpil san, ba li sewòm si w kapab (gade paj 350). Si w pa ka ba li sewòm, ba li sewòm oral (gade paj 160) oswa ba li likid nan dèyè l (gade paj 342). Gen anpil risk tou pou l trape yon enfeksyon.



Si l ap pran plis pase inèdtan anvan pou l rive lopital, pou evite enfeksyon




- Ba li 1 gram (g) (1000 miligram) “amoxicillin”, nan bouch, yon sèl fwa

Epi

- Ba li 1 g “metronidazole”, nan bouch, yon sèl fwa

W ap bezwen bay plis antibyotik si fi a kòmanse bay siy enfeksyon (gade paj 271).

Lè matris la soti ansanm ak plasenta a




Raman, matris la vire lanvè epi li soti ansanm ak plasenta a. Sa konn rive si yon moun rale kòd lonbrik la anvan plasenta a dekole ak kò matris la, oswa si yon moun peze sou matris la pou l retire plasenta a. Sa konn rive poukont li tou, san pèsonn pa fè anyen ki mal.

Sa pou w fè

1. Byen lave men w ak ponyèt w rive nan koud ponyèt w (gade paj 53), epi mete gan ki esterilize.
2. Si w gen solisyon antiseptik (tankou yòd pwovidòn) vide enpe rapidman sou matris manman an.
3. Avèk anpil prekosyon, men avèk yon men fèm, fè matris la pase nan vajen an ak kòl matris la pou mete l nan pozisyon nòmal li a. Si w pa ka remete l nan plas li, ou ka oblije woule l ak dwèt ou.

Pati matris la ki konn pi pre kòl matris la, se li menm pou w fè antre anvan an. Apre sa kontinye mache men w jiskaske w rive nan pati anlè matris la, pouse l anndan an dènye. Pa itilize twòp fòs. Sa pral bay manman an anpil doulè. Ba l asirans, fè l pran gwo souf fon, epi mande l pou l lache kò l.

Si w pa ka pouse matris la tounen nan plas li dwe ye a, mete l anndan vajen an epi mennen fi a lopital. Trete l pou eta chòk (gade paj 239).




4. Apre matris la fin tounen nan plas li, fwote l pou l ka vin di. Ou ka oblije peze l ak 2 men w pou san an ka rete (gade paj 237). Ba li “oxytocin”, “ergometrine”, oswa “misoprostol” pou rete san an (gade paj 231).

5. Manman an dwe kouche sou do avèk yon zòrye, lèn, oswa lòt kalite kousen anba tay li. Ba li antibyotik pou evite enfeksyon (gade paj 231).



Aprè w fin remete matris la nan kò fi a, mennen l lopital.

EGZAMINEN PLASENTA A AK KÒD LONBRIK LA



Kit plasenta a soti deyò poukont li, kit se ou menm ki te mete l deyò, ou dwe egzamine l pou w wè si tout plasenta a la a.


Jeneralman, plasenta a soti deyò ann antye, men kèk fwa yon ti moso konn rete anndan matris la. Sa ka fè li senyen apre oswa li ka fè enfeksyon. Pou wè si tout bagay soti deyò, egzamine ni pati anlè plasenta a, ni pati anba a, ansanm ak sak dlo a. Verifye kòd lonbrik la tou pou wè si l nòmal.


Mete gan lè w ap egzamine plasenta a ak sak la. Sa ap pwoteje w kont mikwòb ki nan san manman an.

Pati anlè plasenta a

Pati anlè plasenta a (pati ki te anfas bebe a) mou epi l klere. Kòd lonbrik la kole sou bò sa a, epi l branche nan yon kantite venn san ki sanble ak rasin pyebwa.

Raman, plasenta a gen yon moso anplis ki kole avè l. Gade si gen venn san sou bò plasenta a ki pa ale okenn kote. Petèt sa vle di gen yon moso anplis ki rete anndan manman an.






Rès sak dlo a

Ou ka wè rès sak dlo a lè w gade pati anlè plasenta a. L ap gentan ouvri depi lè manman an te pase likid, men verifye si tout sak la la.


Pati anba plasenta a

Pati anba plasenta a (kote ki te kole ak kò matris la) gen anpil ti boul. Pafwa, anba plasenta a gen kèk tach blan ki di oswa kèk mak ki tou nwa. Se pa yon pwoblèm. Pou w ka verifye bò sa a, kenbe plasenta a nan men w pou tout ti boul yo ka kole ansanm. Gade si gen yon twou oubyen yon bò ki graj kote yon ti moso kapab manke. Ti moso sa a ka anndan manman an toujou.

Moso ki manke



Aprè chak akouchman, se pou w pran tan pou w byen egzamine plasenta a menm jan w pran tan pou w byen egzamine bebe a. Sa ap pèmèt ou aprann ki sa ki nòmal, konsa w ap ka rekonèt tousuit lè gen yon bagay ki pa nòmal.



Kòd lonbrik la

Si w gade pwent kòd lonbrik la byen, w ap wè 3 twou: youn ki gwo ak 2 ki pi piti. Yo se venn ak atè ki pote san pitit la ale vini nan plasenta a.

Gen kòd lonbrik ki gen 2 venn sèlman, e kèk timoun ki te gen kòd lonbrik 2 venn konn gen pwoblèm sante pi devan. Doktè ta dwe egzamine timoun sa yo.

Yon moso plasenta rete anndan matris la


Si yon moso nan plasenta a oubyen sak dlo a manke, gendwa se paske li rete anndan matris la.

Pou w ka ede manman an pouse moso a deyò, se pou w mete pitit la tete manman an, oswa ba l masaj sou pwent tete l kòmsi w ap fè lèt la soti alamen (gade paj 285). Si manman an ap bay san, ba li “oxytocin” oswa “misoprostol” (gade paj 228).

Si moso a pa soti, mennen l lopital.

Si fi a tèlman ap senyen ou panse li ka mouri anvan l rive lopital la, se pou w eseye retire moso yo nan matris la, ou menm.

1. Foubi men w byen epi mete gan esterilize.
2. Double dwèt ou ak yon moso twal gaz. Matris la glise anpil, e twal gaz la ap ede w dekale ti moso plasenta a. (Oubyen tou, mare yon fil nan yon moso twal ki byen di tankou twal gaz, esterilize l, epi kite l nan bwat zouti w yo. Fil la ap rete deyò matris la pou w ka rale twal gaz la soti byen fasil.) Ou dwe sèvi avèk yon materyèl ki pap defèt pou l pa kite kras anndan matris la.



3. Antre dwèt ki double ak twal gaz la anndan matris manman an epi eseye retire tout moso plasenta a oswa moso sak dlo ki te rete anndan an. Sa pral bay manman an anpil doulè. Esplike l sa w ap fè a epi poukisa w ap fè l; esplike l nenpòt moso chè ki rete anndan matris la pral rann li enposib pou matris la ratresi epi pou l sispann senyen.
4. Apre w fin retire moso yo, ba l antibyotik pou anpeche l fè enfeksyon; gade paj 231.

Menmsi w rive retire ti moso plasenta a nan matris la, manman an toujou bezwen asistans medikal. Li ka vle pran san, epi toujou gen risk pou l fè yon enfeksyon grav. Mennen l lopital osita w kapab.

Ki sa pou yo fè ak plasenta a

Chak kalite moun fè yon bagay diferan ak plasenta a. Gen moun ki boule l. Gen moun ki seche l pou yo ka sèvi avè l nan remèd. Gen lòt moun ki jis voye l jete. Pou anpil lòt moun, antere plasenta a se yon koutim enpòtan. Gen zòn kote moun yo vle vizite plas kote plasenta yo te antere a anvan yo mouri.

Antere yon plasenta se yon bon fason pou pwoteje moun nan zòn nan kont mikwòb ki gen ladan l. Si w ap antere plasenta a, ou dwe mete l nan yon twou ki byen fon pou bèt pa ka detere l. Si w pa vle antere l, ou mèt boule l pou l pa yon danje. Gade paj 67 pou w jwenn plis enfòmasyon sou fason pou w pwoteje kominote a kont mikwòb ki gen nan san.



VEYE SI MANMAN AN SENYEN APRE PLASENTA A FIN SOTI

Matris la rete mou

Pi gwo kòz ki fè yon manman ap bay anpil san apre akouchman se paske matris la pa ratresi. Olye de sa, matris la vin pi laj epi li rete tou mou apre plasenta a fin soti.

Matris la ka rete mou paske:

- Vesi manman an plen ak pipi.
- Gen yon moso plasenta oswa yon moso nan sak dlo a ki rete anndan matris la.
- Matris la bezwen plis “oxytocin” pou l ka ratresi.
- Matris la bezwen pou nou ankouraje l ratresi.
- Matris la fè enfeksyon.

Sa pou w fè


Si matris la mou, gen kèk fason byen senp pou fè l vin di:

Verifye plasenta a ankò pou wè si gen yon moso ki manke.

Si gen yon moso nan plasenta a ki rete nan matris la, sa ka anpeche l fin ratresi.

Ede manman an bay bebe a tete


Lè bebe a ap tete, kò manman an kreye pwòp oksitosin (“oxytocin”) pa l. Oksitosin fè matris la ratresi menm jan l te fè sa lè tranche a. Sa ap ede ralanti san k ap koule a.



Lè manman an bay pitit la tete, matris la ratresi epi san an rete.


Ede manman an fè pipi

Lè manman an fè pipi, sa ka pèmèt matris li ratresi pi fasil. Si li pa kapab pipi apre 4 èdtan fin pase, ou ka bezwen mete yon tib katetè anndan vesi l pou l ka pipi. Gade paj 352 konsènan ki jan pou w ede manman an fè pipi epi fason pou w mete yon tib katetè.



Ba l medikaman

Si san an pa rete lè w fwote matris la, bay manman an “oxytocin”, “ergometrine”, oswa “misoprostol”. Gade paj 231.



Peze vant lan ak 2 men

Si l ap senyen anpil, epi fwote matris la pa t rete san an, eseye peze vant manman an ak 2 men.



Fwote matris la jiskaske li vin di.

Fè yon demi boul ak yon men epi mete l sou tèt matris la. Mete lòt men an anwo zo basen an epi pouse matris la ale jwenn men ki fè demi boul la. Sa ta dwe fè w peze matris la nan mitan 2 men w yo.

Kou san an ralanti epi matris la vin fèm, sispann peze vant lan tikras pa tikras.

Fè matris la fè yon boul, double l sou devan, epi peze l byen fò.

Si w konnen remèd fèy ki ka fè san rete san danje, ou mèt ba li l kounye a. Pa mete okenn remèd fèy nan vajen an.




Se fèy sa a ou itilize pou rete san?

Wi, Bouyi l pou fè te, epi bay manman an bwè l.

Peze anndan vajan an

Si pa gen okenn lòt teknik ki rete san an, eseye peze pa anndan vajan an.

1. Foubi men w epi mete gan esterilize.
2. Esplike manman an sa w pral fè a.
3. Fè men w pi pitit posib epi mete l anndan vajan an. Avanse men w pa dèyè vajan an, anwo kòl matris la, epi fèmen men w. **Pa mete men w anndan matris la.** Bouje men w tou dousman; sa pral bay manman an doulè.
4. Avèk lòt men w, kenbe matris la sou deyò. Peze matris la desann ale jwenn men ki fèmen an, epi peze matris la pandan w ap avanse l. Matris la ta dwe kòmanse vin di.
5. Lè w santi matris la vin di, lage tèt matris la **tou dousman**, epi retire lòt men an anndan vajan an. Ak men w, retire nenpòt san kaye ki anndan vajan an.
6. Kòmanse ba li sewòm si w konn fè sa (gade paj 350).



Byen siveye fi a jiskaske san an rete

Kontinye peze matris la jiskaske w santi li vin di epi san an rete. Si manman an gen siy ki endike li nan eta chòk, trete l pou chòk epi mennen l lopital tousuit.



Vajen an chire

Si manman an kontinye ap senyen anpil menm lè matris la di, gendwa se vajen an ki chire. Ou ka bezwen verifye anndan vajen l avèk men w ki gan pou w wè ki kote ki blese a. Gade paj 248 ak 356 konsènan dechiri e fason pou w koud yo.




Si w pa ka koud yon dechiri k ap senyen anpil, eseye ralanti san an epi mennen l lopital. Woule 10 a 15 moso twal gaz esterilize ansanm pou fè yon bagay avè l ki tankou yon kotèks epi peze l byen fò sou kote k ap bay san an. Kenbe l la jiskaske w rive lopital la.

Eta chòk

Lè yon moun ap pèdi anpil san, li ka antre nan eta chòk. Si manman an ap senyen anvan oubyen apre plasenta a soti, veve siy sa yo:

- Tèt vire, feblès, anvè dekonpoze, oubyen dekontwole
- Koulè kò l blèm, kò l frèt men l ap swè
- Kè l ap bat vit, plis pase 100 fwa pa minit, men batman an fèb
- Tansyon l ap bese
- L ap respire rapidman
- Pafwa, li ka pèdi konesans


Yon fi ki nan eta chòk bezwen èd san pèdi tan. Ou dwe trete l pou chòk pou w ka sove lavi l.



Pou w ede fi ki nan eta chòk, mennen l lopital. Pandan w sou wout:

- Fè manman an kouche avèk pye l pi wo pase tèt li, avèk tèt li vire sou kote.
- Kenbe kò l cho e poze.
- Ba l likid. Si je l klè, li ka bwè dlo oubyen sewòm oral (paj 160). Si l pèdi konesans, ba l likid nan twou dèyè (paj 342) oswa ba li sewòm nan venn (paj 350).
- Si l pèdi konesans, pa mete anyen nan bouch li: ni medikaman, ni dlo, ni manje.

Petèt ou ka jwenn yon kalite rad espesyal yo fè pou moun pa antre nan eta chòk. Rad sa yo mete presyon sou janm moun nan ak sou anba rès kò l yon fason pou anpeche l antre nan eta chòk nan ka dijans.



Note sa: Fi ki pa gen bon sante anvan akouchman gen plis chans pou yo senyen anpil apre akouchman. Le w ede yon fi jwenn bonjan manje epi w ede l evite maladi pandan gwosès, se youn nan pi bon fason pou w ede l evite pwoblèm lè l akouche.

Sa pou w fè pou bebe a

Lè pitit la fèt, menm anvan w koupe kòd lonbrik la, seche bebe a, depoze l sou vant manman l, epi kouvri l ak yon dra. Kò manman an ap kenbe bebe a cho, epi sant lèt manman an ap ankouraje l pran tete. Fè atansyon ak nouvo bebe a.

Note sa: Gen anpil lopital kote doktè ak enfimyè yo pran pitit la nan men manman l pou yo al verifye sante l. Sa pi fasil pou doktè ak enfimyè yo, men li pa bon pou pitit la. Pèsonn pa dwe pran pitit la nan men manman l sof si gen yon ka dijans.

KENBE BEBE A CHO

Pandan w pral mete pitit la sou vant manman l, seche tout kò l avèk yon twal oswa yon sèvyèt ki pwòp. Bebe santi fredri fasil e sa ka fè l fèb oswa malad. Se sa k fè li enpòtan pou l kole po sou po avèk manman l. Kouvri pitit la avèk yon twal sèch ki pwòp. Asire w ou kouvri tèt li epi pa kite l rete nan van.

Si tanperati a cho, pa double pitit la nan lèn oswa rad ki twò cho. Twòp chalè ka fè l dezidrate. Yon bebe bezwen yon sèl kouch rad anplis sa adilt ap mete.

VERIFYE SANTE BEBE A

Gen bebe ki fèt tou eveye e avèk anpil enèji. Gen lòt bebe ki kòmanse tou dousman, men apre kèk minit, yo respire e bouje pi byen, yo pran plis fòs, epi kò yo kòmanse pèdi koulè ble a.

Pou w ka wè eta sante bebe a, kontwole:

- Respirasyon l
- Batman kè l
- Eta mis li yo
- Reflèks li yo
- Koulè kò l

Ou ka verifye tout bagay sa yo pandan bebe a ap pran tete.




Respirasyon I


Bebe a ta dwe kòmanse respire nòmalman youn oswa 2 minit apre akouchman an. Jeneralman, distans pou w fin seche l ak yon sèvyèt, li gentan ap respire. Si yon bebe kriye lè l fèt, nòmalman sa vle di li respire byen. Men, gen anpil bebe ki respire byen san yo pa janm kriye.

Yon bebe ki gen pwoblèm pou l respire bezwen èd. Kontwòle siy sa yo ki ka endike pwoblèm respirasyon:

- Twou nen l ouvri byen laj pandan l ap eseye respire.
- Vyann kò ki nan mitan zo kòt li yo antre lè l ap eseye respire.
- Li respire twò vit: plis pase 60 fwa pa minit.
- Li respire twò dousman: mwens pase 30 fwa pa minit.
- Li plenn/gwonde oswa fè bri lè l ap respire.



Si bebe a gen pwoblèm pou l respire, kite l sou vant manman l epi fwote do l monte desann byen fèm ak men w. Pinga w janm frape yon bebe, fè l mal, oswa mete l tèt anba pou w ka fè l kriye. Si w gen oksijèn, bay bebe a li si l kontinye gen pwoblèm pou l respire. Suiv li byen. Si pwoblèm yo pa amelyore, li ka bezwen èd doktè.



Pou bay yon bebe ki pa respire byen oksijèn

- Bay 5 lit (L) oksijèn, chak minit, pou 5 a 10 minit.

Si w gen yon tis mas oksijèn pou bebe, mete l nan figi l. Si w pa gen mas, fè yon demi boul ak men w byen lach sou figi bebe a epi kenbe tib oksijèn nan toupre nen l (1 a 2 santimèt devan figi l).

Lè bebe a kòmanse respire pi byen, fèmen tib oksijèn nan tikras pa tikras: pran plizyè minit pou w fin fèmen l nèt.

Si w itilize aspiratè sou bouch ak nan nen yon bebe ki gen pwoblèm pou l respire, sa gendwa pa ede l, e li ka menm fè l pi difisil pou l respire.


Bebe a pa respire ditou

Si yon bebe pa respire ditou 1 minit apre l fin fèt menm lè w fwote do l avèk yon men fèm, oswa tou si l ap fòse respire, li bezwen èd imedyatman. Pou kòmanse, se pou w ba l kèk souf. Paske, si li pa respire kou l fin fèt, sèvo l ka domaje oswa li ka mouri. Men, pifò bebe ki pa respire ka sove. Si w suiv etap suivan yo, li pwobab pou bebe a vin respire nòmalman.



Respirasyon atifisyèl

1. Kouche bebe a sou do. Li dwe kouche sou yon bagay ki byen fèm, tankou yon kabann ki fèm, yon tab, yon planch, oswa atè. Kenbe kò bebe a cho. Mete yon twal cho anba l, ak yon twal anwo l, men kite pwatrin li dekouvri.
2. Mete tèt li nan yon pozisyon pou figi l gade dwat anlè. Sa ap pèmèt gòj li ouvri pou lè ka pase. Ou ka mete bebe a nan pozisyon sa byen fasil lè w woule yon twal epi mete l anba zèpòl li. Pa panche tèt li twòp sou dèyè; sa ap fèmen gòj li ankò. Bebe a gendwa kòmanse respire apre w fin mete l nan pozisyon sa a.
3. Si bebe a te gen mekonyòm pwès pandan l fèt, rapidman itilize aspiratè sou gòj li (gade paj 213).
4. Mete bouch ou sou bouch ak nen bebe a. Oswa, fèmen bouch bebe a epi mete bouch ou sou nen l.
5. Pouse souf ale anndan bebe a; pouse sèlman kantite lè ou kapab kenbe nan bouch w. Pa soufle lè fò anndan l. Twòp lè ka domaje poumon l. Pou kòmanse, bay li 3 a 5 souf dousman. Sa ap pèmèt likid ki nan poumon l soti. Apre sa, bay li ti souf rapid chak 3 segonn.



6. Gade pwatrin bebe a. Pwatrin nan ta dwe ap gonfle pandan w ap bay bebe a souf.
7. Si pwatrin li pa gonfle, ranje pozisyon tèt li ankò. Sanble lè a pa antre nan poumon l.
8. Ba l anviwon 30 souf chak minit. Men, se pa twò enpòtan pou se egzakteman kantite sa a.
9. Gade si l ap respire. Si bebe a kòmanse kriye oswa si l respire omwen 30 fwa pa minit, kanpe respirasyon atifisyèl la. Rete toupre l epi suiv li pou w asire li anfòm.


Si bebe a pa respire, oswa si li respire mwens pase 30 fwa pa minit, kontinye ak respirasyon atifisyèl la jiskaske li kapab respire poukont li.



ATANSYON! Poumon bebe a toupiti e yo frajil. **Pa soufle fò lè w ap ba l souf pou w pa eklate poumon l.** Pouse lè toupiti. Ba li sèlman lè ki soti nan bouch ou, pa pouse lè ki soti nan lestomak ou.

Si sa fè 20 minit depi w ap fè respirasyon atifisyèl epi bebe a toujou pa ka respire poukont li, sanble li pap ka respire. L ap mouri. Sispann respirasyon atifisyèl la epi esplike fanmi an sa k pase a.


Note sa: Lè w ap fè respirasyon atifisyèl, gen yon ti chans pou enfeksyon ka pase ant bebe a ak fanmsaj la. Si w itilize twal gaz oubyen yon ti moso twal fen pou w kouvri bouch pitit la, gen mwens chans pou enfeksyon pase. Petèt ou ka achte yon mas pou w sèvi lè w ap fè respirasyon atifisyèl. Pou itilize l, mete l sou nen ak bouch bebe a epi pouse lè ladan l. Itilize sèlman mas ki fèt pou sa.



Gen kote w ka achte sak espesyal avèk mas ki fèt pou respirasyon atifisyèl. Sak espesyal sa yo ka bay bebe a egzakteman kantite lè li gen bezwen an, men w bezwen fòmasyon pou w ka itilize yo.

Batman kè l

Lè yon bebe fèk fèt, kè l ta dwe bat ant 120 a 160 fwa pa minit, anviwon 2 fwa pi vit pase batman kè yon adilt. Tande batman kè bebe a avèk yon estetoskòp, oswa mete 2 dwèt ou sou kè l. Kontwole batman kè a vit pou w ka konnen pi rapid si l gen pwoblèm. Pou w fè sa, konte kantite fwa kè a bat pandan 6 segonn, apre sa multipliyè chif la pa 10. (Sa vle di, ajoute yon zewo dèyè l. Si w konte 12 batman nan 6 segonn, sa vle di batman kè a se 120 fwa pa minit.) Lè bebe a gen yon bon koulè e l ap respire byen, ou ka pran tan pou w kontwole batman kè a pandan yon minit ann antye.



Tande kè chak bebe pou w ka idantifye sa k nòmal ak sa k pa nòmal.

Si kè bebe a bat pi dousman pase 100 fwa pa minit, oubyen si kè l pa bat ditou, fè respirasyon atifisyèl pou li.

Si kè l ap bat plis pase 180 fwa pa minit, mennen l lopital. Li ka gen yon pwoblèm nan kè l.

Lè yon fanmi gen yon bebe ki mouri

Si yon bebe mouri, ni manman, ni papa, ni lòt manm fanmi yo ap gen anpil emosyon. Genyen ki konn an kòlè, genyen k ap eseye pa panse ak sa, genyen k ap nan gwo lapenn. Nan anpil fanmi, lè yo pèdi yon bebe, sa gen anpil enpòtans pou sa ki gen rapò ak lafwa relijye yo. Kòm fanmsaj, ou dwe bay fanmi an kouraj ann amoni ak koutim zòn nan, oswa fason k ap pi bon pou fanmi sa a. Fanmi an ka vle pale ak yon moun sou doulè yo, oswa yo ka bezwen gen yon moun ki pou ede yo fè travay nan kay la.

Yon manman ki pèdi bebe l ka bezwen asistans fizik tou. L ap gen menm bezwen ak nenpòt fi ki fèk fè yon pitit. Tete l yo ap gen lèt, e yo ka ap fè l mal tèlman yo gonfle. Gade paj 288 pou wè kòman w ka ede l jwenn soulajman ak doulè nan tete. Ka gen remèd fèy nan zòn nan tou ki pou ede rete tete l fè lèt, men pa ba li remèd modèn (remèd ou achte nan famasi) pou sa paske remèd sa yo pa san danje.

Eta mis li yo

Yon bebe ki kenbe ponyèt li yo ak janm li yo sere epi toupre kò l, epi koud ponyèt li yo ak jenou l yo pliye, sa vle di mis li yo an bòn eta, yo djanm, yo an sante. Lè kò bebe a lache, sa vle di mis li yo fèb; ponyèt li yo ak janm li yo tou lach e tou ouvri. Gen bebe ki fèt ak kò yo lach konsa si yo pa t jwenn ase oksijèn anvan yo te fèt. Men, yon bebe ki an sante dwe montre li gen fòs nan ponyèt li yo ak janm li yo kèk minit apre li fin fèt.



Mis bebe sa a an bòn eta.



Kò bebe sa a lach.

Plis tan ponyèt li ak janm li rete san fòs, se plis sa montre bebe a gen pwoblèm. Si manm yon bebe fèb, li pap ka respire byen. Asire li fin sèch epi mete l kò ak kò sou manman l pou chofe l. Si kò bebe a parèt jis yon ti jan fèb, eseye fwote do l epi pale avè l. Sa ka fè l reveye epi fè l fè plis efò pou l respire. Si tout kò bebe a lache, sitou apre premye minit la, itilize aspiratè sou bouch li ak nen l. Li ka bezwen oksijèn tou.

Reflèks li yo

Reflèks se jan kò yon moun reyaji tou natirèlman. Pa egzanp, lè w ap tonbe, ou voye men w pou w ka atrap pwòp kò w, e w fè sa san w pa menm reflechi. Oubyen tou, lè yon ti mouch pase nan je w, ou bat je w. Lè yon moun gen bon reflèks, sa vle di sèvo l ak nè l yo ap travay byen.

Lè yon bebe fèk fèt, men reflèks li dwe genyen:



Grimas

- **Grimas.** Bebe a ta dwe mare figi l lè w ap retire flèm nan bouch li ak nan nen l avèk aspiratè.
- **Reflèks mowo.** Si w vire bebe a bridsoukou oswa si li tande yon gwo bri, li ta dwe ouvri bra l toudenkou epi li ouvri men l.
- **Estènen.** Yon bebe ki an sante ta dwe estènen lè l gen dlo oswa flèm nan nen l.



Reflèks mowo: ponyèt yo ouvri laj

Si bebe a pa gen okenn nen reflèks sa yo, men l ap respire epi kè l ap bat plis pase 100 fwa pa minit, chèche asistans nan men yon doktè.

Koulè l

Pifò bebe gen koulè ble oubyen mov lè yo fèt, men yo kòmanse pran koulè nòmal yo apre youn oubyen 2 minit.

Bebe ki nwa pa fèt ak koulè ble menm jan ak bebe ki pi klè. Gade men ak pye yon bebe nwa pou wè si yo gen koulè ble a. Tout bebe ki pa jwenn ase oksijèn ka parèt sonm oswa blèm.

Koulè bebe a rete blèm oswa ble apre premye minit yo


Li ka pa yon pwoblèm si men ak pye yon bebe rete yon tijan ble oswa blèm pou plizyè èdtan. Men, li pa nòmal pou kò bebe a rete blèm oswa ble pou plis pase 5 minit.

Pi souvan, si yon bebe rete ak koulè blèm oswa ble se paske li gen pwoblèm pou l respire.

Epitou, bebe ka rete ak koulè ble:

- Lè yo santi freddi.
- Lè yo fè enfeksyon (gade paj 256).
- Lè yo gen pwoblèm kè.

Verifye tanperati bebe a (gade paj 255) oswa manyen l pou wè si kò l cho. Vlope l nan lèn oswa nan twal, epi kouvri tèt li. Si w gen bone, mete youn nan tèt li.



Si apre w chofe l, li toujou gen koulè ble oswa blèm, li bezwen asistans pou l respire. Ba l oksijèn si w genyen. Kontwole batman kè l ak souf li. Si bebe a gen pwoblèm pou l respire, gade paj 241.

Si bebe a toujou gen koulè ble oswa li blèm apre w ba l oksijèn, al kay doktè avè l.

EDE BEBE A PRAN TETE

Si tout bagay nòmal apre akouchman an, manman an dwe bay pitit la tete tousuit. Li ka bezwen èd pou l kòmanse. Chapit 16 pale sou bay bebe tete, e li esplike ki pozisyon ki pi bon pou bay tete.



Premye lèt ki soti nan tete manman an gen yon koulè jòn, yo rele l kolostwòm. Gen fi ki panse kolostwòm pa bon pou bebe a, epi yo pa bay bebe a tete premye jou apre akouchman an.

Epoutan, kolostwòm enpòtan anpil! Li pwoteje bebe a kont enfeksyon. Epi, kolostwòm gen tout pwoteyin yon nouvo bebe bezwen.

Lè bebe a kòmanse tete tousuit, li bon ni pou manman an ni pou bebe a.

- Bay tete fè matris la ratresi. Li ede plasenta a soti, epi li anpeche manman an pèdi anpil san.
- Bay tete ede elimine glè ki nan nen ak nan bouch bebe a pou l ka respire pi fasil.
- Bay tete se yon bon fason pou manman an ak bebe a vin abitye youn ak lòt.
- Bay tete rekonfòte bebe a.
- Bay tete ka ede manman an rilaks epi santi kè kontan ak bebe l la.
- Lèt tete a se pi bon manje yon manman ka bay bebe l la.



Si bebe a sanble l pa ka pran tete, gade si li gen anpil glè nan nen l. Pou w ka retire glè a, mete bebe a kouche sou lestomak manman l avèk tèt li pi ba pase rès kò l. Pase men w sou do l, soti nan ranch li pou rive sou zepòl li. Apre glè a nan fin soti, ede fè bebe a rekòmanse tete.